



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE NOUVO PLAN AKSYON PANÈL NEW YORK LA

***Nouvo New York: ki se plan asyon pou Fè New York Fonksyone Pou Tout Moun  
ian Etabli 40 Inisyativ kòm yon plan pou lavni***

***Plan gen senk domèn konsantrasyon pou 2023 pou sipòte ekonomi rejonal la epi  
fè Vil New York yon pi bon kote pou viv ak travay***

***Gen ladan tou rekòmandasyon 59 manm Panèl Nouvo New York ki te Diriye pa  
Direktè Egzekitif Jeneral Robin Hood la, Richard Buery, ak ansyen Direktè  
Egzekitif Jeneral Sidewalk Labs la, Dan Doctoroff***

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams te anonse jodi a Nouvo New York (New New York): ki se yon plan aksyon k ap Fè New York Fonksyone Pou Tout Moun (Making New York Work For Everyone) ki devlope pa Panèl Nouvo New York, ke Gouvènè a ak Majistra te konvoke nan kòmansman ane sa a. Plan aksyon an gen ladan I yon seri 40 pwopozisyon ki gen entansyon sèvi kòm yon plan pou avni vil la epi fè Vil New York vin yon pi bon kote pou viv ak travay. Lanse nan mwa me 2022 epi ki dirije pa ko-prezidan ak ansyen majistra adjwen epi Direktè Egzekitif Jeneral Robin Hood, Richard Buery, ak ansyen Direktè Egzekitif Jeneral Sidewalk Labs, Daniel Doctoroff, panèl lidè sivik ki laj ak divès ak ekspè nan endistri a te travay pandan sis mwa pou jenere rekòmandasyon pou vil la ak eta nan yon moman aliyman istorik ant yo de a. Rekòmandasyon yo santré sou fason Vil la ak Eta a kapab fè patenarya youn ak lòt ak atravè sektè yo pou re-imajine yon Nouvo New York ki fè vil la ak rejon an avanse pou pi devan pou pwochen chapit kwasans li an.

"Gras a yon patenarya ekstrawòdinè ak Majistra Adams ak Panèl Nouvo New York la, rapò sa a ap bay plan nan direksyon yon New York ki pi solid, ki pi jis, epi ki pi aksesib." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou p ap viv nan menm New York la ankò menm jan nou te ye nan kòmansman pandemi an, epi pwopozisyon sa yo pral ede revitalize distri biznis nou yo, fasilité vwayaj Nouyòkè yo, ankoraje ekite ak abòde mank 800,000 inite lojman nou an. Se kalite ide solid, anbisye nou bezwen kounye a, epi administrasyon mwen an pa ka tann pou l revize ak anpil atansyon rekòmandasyon panèl la nan semèn k ap vini yo pou detèmine kijan nou kontinye fè New York vin yon pi bon kote pou nou viv."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare**, "Nouyòkè yo te sibi anpil bagay nan twa dènye ane yo, epi pandan sosyete a chanje nan fason enpòtan, dènye ane a te pote siy rekiperasyon remakab gras ak rezistans ak kreyativite nou yo. Administrasyon nou an angaje pou konstwi yon *Nouvo New York* — yon vil ki pi an sekirite, ki pi jis, epi ki pi pwospere ki pral kontinye adapte ak pwospere pandan tout 21èm syèk la. Epi plan sa a mete yon vizyon klè pou aksyon kowòdone vil, eta, òganizasyon san bi likratif, ak sektè prive a pou redinamize zòn ki toujou ap lite ak pandemi an epi ranfòse sila yo ak nouvo anplè. Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul ak tout panèl la pou patenarya yo nan efò enpòtan sa a pou mete vil nou an sou bon chemen an, epi mwen pa ka tann pou avanse travay sa a ansanm."

**Daniel Doctoroff, Ko-Prezidan, Panèl *Nouvo New York* la; ak Ansyen PDG, Sidewalk Labs te deklare**, "Opòtinite soti nan kriz. Pandan ke pandemi an ak pwoblèm li kreye yo, espesyalman enpak li sou fason nou travay ak distri komèsyal nou yo, enpòtan, Nouyòkè yo pa janm fè bak devan yon defi. Rapò panèl la konplè epi solid epi, sa ki pi enpòtan, li gen yon aliyman inik ak gouvènè a ak majistra a. Nou gen opòtinite pou ankouraje kwasans ki ekitab, mennen moun kote yo bezwen ale pi vit, re-imagine distri komèsyal kle nou yo, epi fè Vil New York pi bon kote pou travay kèlkeswa sa w ap fè oswa kote w fè li."

**Richard R. Buery Jr., Ko-Prezidan, Panèl *Nouvo New York* la, ak PDG Robin Hood, te deklare**, "Vil Nouyòk te toujou yon limyè espwa ak yon motè opòtinite. Mwen tèlman fyè dèske jodi a, Panèl *Nouvo New York* la ansanm ak Gouvènè Hochul ak Majistra Adams, ap pibliye rapò nou an — avanse yon vizyon solid pou re-imagine New York apre pandemi an kòm yon vil enklizif, ki konsantre sou lavni, ak distri biznis santral kote moun ap viv, travay, ak jwe 24/24 epi 7 jou sou 7; politik transpò ki fè li pi fasil pou ale kote yo vle ale; ak estrateji kwasans ki asire ke tout Nouyòkè yo benefisyé rekiperasyon nou an. Pandan ke pandemi an te vire monn nou an tèt anba, li te prezante tou yon opòtinite jenerasyonal pou fè Vil New York pi bon kote nan mond lan pou viv ak travay. Kounye a, se nou ki pou asire vizyon an ki atikile nan paj sa yo transfòme an aksyon epi New York pran angajman pou kraze baryè ki te anpeche anpil Nouyòkè yo reyalize rèv ak aspirasyon yo."

Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te anonse ansanm Panèl *Nouvo New York* la nan mwa me 2022 pou egzamine avni Vil New York ak ekonomi reyon an. Pandan ke premye sijè ki abòde panèl la te konsantre sou reviv distri biznis Vil New York yo, espesyalman sa yo ki te pi lan pou rekiperare apre pandemi COVID-19 la tankou Midtown ak Anbalavil Manhattan, panèl la byen vit elaji konsantrasyon li pou adrese yon seri defi entèkonekte ki pi laj ki afekte tout Nouyòkè - soti nan transpò pou rive nan lojman ak bezwen pou gwo espas publik pou gadri. Plan aksyon Vil la ak Eta a reflete konsantrasyon elaji sa a lè li pwopoze twa objektif jeneral ki mache ansanm pou asire ke New York fonksyone pou tout Nouyòkè yo:

- **Re-imagine Distri Komèsyal New York yo kòm Destinasyon Vibran 24/24 epi 7 jou sou 7:** Transfòme distri biznis pou itilizasyon inik Vil New York la an gwo lye kote moun ap viv, travay, ak jwe.
- **Fè li Pi Pasil pou Nouyòkè yo Ale Travay:** Amelyore vwayaj nan Manhattan ak ranfòse sant travay ak espas travay atravè 5 minisipalite pou moun ka travay pi pre lakay yo.
- **Jenere Kwasans Enklizif, ki Konsantre sou Lavni:** Sipòte kwasans travay ak inovasyon ak kraze baryè ki genyen nan mobilite ekonomik.

Atravè twa objektif sa yo, plan an prezante 40 inisyativ — ki dwe avanse atravè lejislasyon, chanjman politik, finansman adisyonèl ak lòt aksyon — ke Gouvènè a ak Majistra a kapab anbrase kòm yon plan pou lavni, ki gen ladan senk domèn aksyon kle nan ane k ap vini an:

- **Fè Midtown ak lòt distri biznis santral yo plis polivalan ak fleksib,** lè yo retire baryè regilatwa yo pou konvèsyon mache ak redevelopman batiman biwo ki demode yo pou yo vin rezidansyèl epi lè yo pèmèt fleksibilite pou re-itilize espas pou aktivite ekonomik.
- **Pouswiv gwo entèvansyon nan domèn piblik** pou transfòme Midtown ak lòt distri biznis yo an plas modèn, ki oryante vè pyeton yo, epi kreye yon **nouvo pòs Direktè domèn piblik nan City Hall (Meri)** la pou bay yon apwòch santralize epi ki konplè nan politik domèn piblik, zafè ekstèn ak kowòdinasyon pwojè ak pwogram domèn piblik ki touche wout, espas twotwa ak espas vèt yo.
- **Ogmante rezèv lojman** an lè yo retire baryè regilatwa yo pou kwasans lojman atravè vil la, pou ogmante abòdabilite, diminye deplasman ak ankouraje kominote enklizif, asire travayè yo gen aksè ak yon lojman ki estab, epi bay patwon yo konfyans ke yo ka kenbe ak atire talan nan Vil New York. Pou satisfè moran ijan kriz lojman nou an, seri chanjman lejislatif Vil ak Eta sa a pral ankouraje pwodiksyon lojman pou tout nivo revni pou adrese bezwen pou plizyè santèn milye novo inite lojman atravè vil la ak eta pandan pwochen deseni an.
- **Ogmante aksè ak travay epi diminye tan vwayaj pou ale nan Midtown ak lòt distri biznis yo.**
- **Fè gadri aksesib ak abòdab** pou ede fanmi k ap travay yo patisipe nan fòs mendèv la, reyalize potansyèl ekonomik yo, epi mennen yon rekiperasyon ekitab.

Enplemantasyon plan aksyon an pral dirije pa Gwoup Pilotaj Lidèchip Nouvo New York (*New New York Leadership Steering Group*), ki se yon konvokasyon transgouvènmental ki òganize pa Direktè Operasyon Eta a ak Premye Majistra Adjwen an epi ki ap dirije pa Sekretè Adjwen pou Developman Ekonomik lan ak Mendèv la ak Majistra Adjwen an pou Developman Ekonomik ak Mendèv la. Yo pral anboche yon novo konseye prensipal devwe nan Biwo Politik ak Planifikasyon Majistra a pou anplwaye pèsonèl nan gwoop pilotaj la epi sipèvize jesyon chak jou yo k ap mete plan an aplikasyon. Majistra Adams ak Gouvènè Hochul planifye pou fè anons politik adisyonèl ki enfòme pa rekòmandasyon sa yo nan semèn k ap vini yo.

Ou kapab jwenn rapò konplè a [isit la](#).

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Istwa New York - epi vrèmanvre istwa moun li yo - se yon istwa opòtinite pou simonte advèsite. Ide yo ki te pwopoze pa panèl 'Nouvo' New York Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te konvoke a ofisyalye naratif sa a, patikilyèman nan konte sou distri komèsyal lokal ki solid, ak wobis kòm fondman ak avangad rekiperasyon ekonomik nou an."

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Pandan tout listwa nasyon nou an, Vil New York te re-envante tèt li yon fason ki konstan e avèk siksè PASE okenn lòt vil nan mond lan, epi nou prepare ak prè pou nou fè sa ankò. Pa gen okenn lòt kote ki gen anpil opòtinite inik tankou Vil New York, epi mwen felisite Gouvènè Hochul ak Majistra Adams paske yo kolabore sou plan sa a pou fè Vil la ak rejon ki antoure li yo avanse. Plan sa a gen pou wè ak re-imajine vil nou tout renmen an epi travay ansanm pou fè li tounen pi bon pase anvan, ak transpò ki jwe yon gwo wòl nan efò sa yo. Fason nou deplase moun ak machandiz soti yon kote ale nan yon lòt - san danje epi avèk efikasite - pandan n ap kreye novo opòtinite pou yon pi bon kalite lavi plase nan kè vizyon Gouvènè a ak Majistra a te pwopoze a. Sa a se yon plan pou pwosperite alavni ke tout Nouyòkè yo ka jwenn dèyè epi sa ki pi enpòtan an se yon vizyon inifye pou yon *Nouvo New York*."

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la, Sheila J. Poole, te deklare,** "Plan kolaborasyon sa a ogmante envestisman istorik eta a nan gadri pou timoun ke OCFS te administre avèk fyète. Fanmi k ap travay yo gen plis fòs lè yo ka konte sou fleksibilite ke bon jan kalite gadri abòdab bay. Nou dwe fè tou sa nou kapab pou sipòte fanm nan mendèv la lè nou asire plis aksè nan pwogram sa yo. Mwen kontan wè ki jan rekòmandasyon panèl la ogmante plis efò inplakab nou yo pou akonpli misyon sa a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Transpò an mas se eleman vital nan zòn metropolitèn New York la. Chak jou, plis pase 5 milyon Nouyòkè konte sou metwo, otobis, ak tren pou ale nan travay, lekòl, ak lòt destinasyon yo. MTA a bat bravo pou angajman pataje Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak sektè prive a pou envesti nan transpò publik, ki pral alimnte devlopman ekonomik, kreye novo djòb, epi pwopilse kwasans rejon an vè lavni."

**Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare,** "Distri biznis katye Vil New York yo se eleman vital vil la. Yo bay vil nou an karaktè ak yon sans kominotè. Mwen felisite Majistra Adams ak Gouvènè Hochul paske yo te kovoche panèl *Nouvo New York* la pou re-imajine epi devlope yon plan rekiperasyon ekitab apre pandemi an. Youn nan objektif kle panèl yo — 'Fè li Pi Pasil pou Nouyòkè yo Ale Travay — se youn nan objetif mwen pataje, e mwen kontan dèské mwen te kapab kontribye nan efò sa a epi patwone Chapit 544 Lwa 2022 yo (S.9120A), ki pral pèmèt Plan Aksè ak Estasyon Penn lan pou avanse pou pi devan epi pote kat novo estasyon Metro-North nan Bronx."

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare**, "Pdemi an ak konsekans li kite yo se yon opòtinite an lò pou fè New York vin pi fò. Sa a se chans nou pou rekipere nan yon fason ki grandi ekonomi nou an, fè li dirab, epi ede tout kominate yo. Mwen tèlman rekonesan ke Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te rekonèt epi sezi moman sa a nan listwa pou re-envante New York kòm yon destinasyon pou travay, viv, ak vwayaje."

**Manm Asanble Jennifer Lunsford te deklare**, "Pi bon fason pou predi lavni an se kreye li, epi se egzakteman sa Majistra Adams ak Gouvènè Hochul deja akonpli ak Nouvo New York la. Pandan n ap sòti anba pandemi COVID-19 la, New York nan yon moman san parèy pou re-imajine vil nou an ak fason li kapab pi byen sèvi tout Nouyòkè yo, epi lidè egzekitif nou yo moutre yo alawotè. Plan sa a pou entegre zòn rezidansyèl nan distri biznis yo, akselere deplasman yo, epi ankouraje kreyasyon travay ak mobilite ekonomik pral mete vil nou an sou yon kous ki pi dinamik, pwospè, ak ekitab ke li pa te jamn ye anvan. Mwen espere fè patenarya ak majistra a ak gouvènè pou mete ann aplikasyon Nouvo New York la, pou asire anpil bèle jou k ap vini pou Nouyòkè yo."

**Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare**, "Enpak konsiderab pandemi COVID-19 la sou estil lavi nou oblige nou vini ak novo fason solid pou grandi ak soutni yon ekonomi ki pral vrèman benefisyé tout moun nan Queens ak nan tout vil nou an. Rekòmandasyon panèl Nouvo New York yo trase yon bon chemen pou asire yon avni pwospè pou distri biznis nou yo ak pou reyalize yon ekonomi ekitab ak solid pou tout rejyon an. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak tout moun ki te travay sou plan aksyon sa a pou devlope apwòch avanse nou bezwen pou gide devlopman ekonomik alavni nou an."

**Prezidan Awondisman Staten Island Ian, Vito J. Fossella, te deklare**, "Mwen aplodi epi sipòte Gouvènè Hochul ak Majistra Adams paske yo te pran inisyativ sa a. Esansyèlman, Vil New York dwe kapab adapte ak chanje pou vin pi favorab pou biznis, ak biwokrasi minimòm. Pandan Staten Island vin tounen yon pati nan sa a, gen yon opòtinite an lò pou revitalize litoral North Shore a ak kalite lavi a yon fwa pou tout. Travay Panèl Nouvo New York la dwe asire vil nou an rete lidè mondal nan gwo kote ki enklizif kote Nouyòkè yo ka viv, travay, ak jwe."

**Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare**, "Avèk yon konsantrasyon kolektif sou relanse ekonomi eta ak vil nou an, Majistra Adams ak Gouvènè Hochul te mete yon priyore sou ekite ak jistis ak fòmasyon panèl Nouvo New York la. Apwòch inovan ak istorik sa a te mennen ekspè nan zòn nou an pou gide ak konseye antrepriz demaraj nou yo, ti biznis yo, ak kòporasyon yo, ak objektif pou wè yo pwospere nan ekonomi modèn jodi a. Mèsi a Majistra Adams, Gouvènè Hochul, ak Kòporasyon Developman Ekonomik Vil New York pou angajman yo pran pou re-imajine koridò komèsyal nou yo, mobilite ekonomik nou yo, epi retire baryè anplwa pou kominate ki istorikman pa jwenn ase sèvis yo. Nou pa ka tann pou nou wè egzekisyon plan aksyon yo a."

**Premye Majistra Adjwen an, Lorraine Grillo, te deklare**, "Plan aksyon jodi a demonstre yon vizyon inifye pou vil la ki soti nan men majistra a ak gouvènè pou re-

imagine distri komèsyal nou yo, ogmante rezèv lojman, epi sipòte fanmi k ap travay yo. Mwen felisite panèl *Nouvo New York* la ak ko-prezidan li yo, Richard Buery ak Daniel Doctoroff, pou kreyativite yo ak angajman yo nan mennen divès gwoup moun ki gen enterè sa a yo nan rezulta yo: 40 inisyativ pou nou travay nan revitalize vil la."

**Majistra Adjwen pou Developman Ekonomik ak Mendèv Ia, Maria Torres-Springer, te deklare,** "Pandan plizyè syèk ak atravè divès kriz, nou te pran desizyon ki te chanje pakou istwa nou an, lavi pèp nou an, ak sò endistri nou yo. Mwen kontan dèské ekip vil ak eta yo pibliye plan aksyon sa a jodi a, ki pral fè menm bagay la epi ki pral bati sou plizyè mwa travay di ak opinyon ki gen anpil valè nan men panèl *Nouvo New York* la. Kounye a, travay di pou emplante plan sa a kòmanse, epi mwen pa ka tann pou m travay avèk gwo kowalisyon patnè k ap grandi ke efò sa a te rasanble pou konstwi yon vil ki pi solid ki fonksyone pou chak Nouyòkè epi ki kontinye dirije mond lan."

**Majistra Adjwen pou Inisyativ Estratejik Ia, Sheena Wright, te deklare,** "Avèk publikasyon plan aksyon 'Fè New York Fonksyone pou Tout Moun Ian', Vil New York demen an kòmanse jodi a. Devan ak nan sant plan sa a se ranfòse ekonomi nou an — men atravè yon lantiy ekite, bati sou fondasyon plan administrasyon an pou gadri pou timoun ki gen plizyè milya dola ak kraze baryè istorik ki te anpeche mobilite ekonomik pou kominate Nwa ak Mawon yo. Mwen bat bravo pou kolaborasyon trans-sektè a ak vizyon solid ki pral transfòme vil nou an pou pi bon."

**Majistra Adjwen pou Operasyon yo, Meera Joshi, te deklare,** "Pandemi an te mete aksan sou nesesite sosyal ak ekonomik yon apwòch kreyatif, ekspansif, ak reflechi pou konsepsyone ak elaji espas piblik vil nou an. Pandan nati travay biwo a ap chanje, nou bezwen re-imagine distri biznis nou yo atravè vil la kòm byen espas piblik lè nou transfòme yo an yon destinasyon modèn ki favorab pou pyeton pou rezidan yo ak touris ki gen tout kategori laj."

**Direktè Lojman an, Jessica Katz, te deklare,** "Panèl *Nouvo New York* la esplike yon vizyon klè pou fè vil la tounen soti anba pandemi an pi fò pase avan, eppi sa enkli asire tout vwazen nou yo gen lojman, sipò, ak resous yo bezwen. Mwen bat bravo pou ansyen Majistra Adjwen yo Buery ak Doctoroff pou devouman kontinyèl yo anvè vil nou an epi mwen pa ka tann pou mwen ravay avèk tout moun pandan n ap konstwi yon nouvo New York ansanm."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Developman Ekonomik Vil New York Ia, Andrew Kimball, te deklare,** "Plan dakson 'Fè New York Fonksyone pou Tout Moun Ian' dekri yon nouvo chemen pou pi devan pou Vil New York ki re-imagine distri biznis komèsyal nou yo ak plis biling pou utilizasyon miks ak gwo amelyorasyon nan domèn piblik, sa k ap ki rann li pi fasil ak pi abòdab pou Nouyòkè yo deplase, pandan y ap ankouraje kwasans ekonomik ekitab. Seri rekòmandasyon sa a, ki te dirije pa de ansyen majistra adjwen ak kèk nan pansè ki pi inovan New York yo, montre potansyèl ki pa ekspligate non sèlman nan Midtown men nan tout rejon Vil New York la. Mwen pa ka tann pou m travay ak patnè mwen yo nan gouvènman an ak nan sektè

prive a pou bay rekòmandasyon sa yo bay lavi e pou m kontinye bati yon ekonomi ki pi dinamik epi ki pi enklizif pou tout Nouyòkè yo."

**Direktè Depatman Planifikasyon Vil la ak Prezidan Komisyon Planifikasyon Vil New York la, Dan Garodnick, te deklare**, "Sa a se yon plan entèlijan, ki nan tay Vil New York, ki fèt pou satisfè defi aktyèl nou yo. Ansanm, nou ka kreye yon vil ki ede Nouyòkè yo jwenn pi fasil yon kay abòdab, yon travay ki byen peye, ak yon vwayaj rasyonalize, epi jwi menm pi bon espas publik. Ann ale!"

**Direktè Egzekitif Biwo Talan ak Devlopman Mendèv Majistra a, Abby Jo Sigal, te deklare**, "Objektif ak rekòmandasyon Panèl Nouvo New York la te byen rekonèt ke kwasans enklizif, ki konsantre sou avni depann sou pozisyon Nouyòkè yo pou siksè karyè yo kòmanse nan K-12 ak pandan tout lavi yo. Re-imagine Konsèy Devlopman Mendèv Vil New York la, entegre objektif siksè karyè elèv yo ak opòtinite aprantisaj ki baze sou travay nan lekòl publik Vil New York yo ak nan pwogram City University of New York (CUNY) yo, epi elaji opòtinite pou Nouyòkè yo touche pandan y ap jwenn kalifikasyon ke anplwayè yo valotrise se etap konkrè nou ka pran pou reyalize yon ekonomi ak pwosperite ki pi enklizif ki vrèman pataje."

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York la, Ydanis Rodriguez, te deklare**, "Biznis yo pwospere kote DOT kreye espas publik akeyan pou pyeton ak siklis yo. Pandan n ap kontinye rekiperasyon anba pandemi nou an, DOT pran angajman pou l chanje lari yo pou kreye yon vil ki pi an sante, ki pi dinamik. Nou remèsyé Majistra Adams pou vizyon li ak patenarya enkwayab sa a ak gouvènè a — epi n ap tann plis kolaborasyon sou inisyativ enteresan sa yo."

**Komisè Depatman Sèvis Ti Biznis Vil Nouyòk la Kevin D. Kim, te deklare**, "Lavni Vil New York bati sou inovasyon. Plan aksyon sa a gen ladan lide revolisyonè pou re-imagine koridò komèsyal nou yo, fasilité transpò, epi asire vil nou an konsantre sou kwasans alavni, pandan y ap sipòte antreprenarya. Ti biznis nou yo, ak plizyè milyon rezidan ki travay ak patwonize yo, pral benefisyé anpil nan plan sa a."

**Komisyonè Depatman Asenisman Vil New York, Jessica Tisch, te deklare**, "Administrasyon sa a klè: Estatikwo a jis pa pral sifi ankò. Nou pran angajman pou nou repanse koleksyon, eksplore kontenèrizasyon, epi finalman fè travay la nan zafè pwòpte, pou New York ka tounen pi fò pase avan."

**Komisè Depatman Afè Kiltirèl Vil New York, Laurie Cumbo, te deklare**, "Atizay ak kilti plase nan sant sa ki fè New York yon kote ki dinamik, ki vivan pou viv, travay, ak jwe. Mwen kontan pou m kòmanse travay sou estrateji pwolonje panèl Nouvo New York la pou investi ak pwofite byen kiltirèl nou yo, pou yo ka kontribye nan vitalite biznis lokal nou yo ak nan sant katye nou yo."

**Direktè Egzekitif Komisyon Konsepsyon Publik Vil New York la, Sreoshy Banerjea, te deklare**, "Se te yon privilèj diferan pou m fè pati konvèrsasyon kreyatif sis mwa ki sot pase yo. Planifikasyon ak mentni entèvansyon ki bèl, aksesib, ak enklizif nan domèn

piblik pral kontribiye yon fason konsiderab nan kreye destinasyon vibran ak katye vivab nan distri biznis nou yo. PDC a pare pou ede pwochen direktè domèn piblik la nan kreye yon apwòch konplè pou kowòdone yon domèn piblik k ap pwospere."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYC & Company an, Fred Dixon, te deklare,** "Ekonomi touris Vil New York la kontribye plizyè santèn milye travay, sipòte biznis nan tout senk minisipalite yo, epi montre Vil New York kòm youn nan pi gwo destinasyon nan mond lan pou vwayaj komèsyal ak Iwazi. Nou akeyi rekòmandasyon panèl *Nouvo New York* la jodi a epi nou sipòte yon estrateji konplè pou asire envestisman ak inovasyon kontinyèl ki sipòte rekiperasyon ak kwasans Vil New York."

**Komisè Biwo Medya ak Divètisman Majistra a, Anne del Castillo, te deklare,** "Vil New York se kapital kreyatif nan mond lan, ki sipòte plis pase 500,000 djòb ak 150 milya dola nan aktivite ekonomik nan sektè medya ak amizman. Nou pa ka tann panèl *Nouvo New York* la, ki pral re-imajine distri komèsyal sa yo kòm sant dinamik pou kreyativite, inovasyon, ak kwasans enklizif ki pral ede ranfòse sektè vital sa yo, ki se kè ak namn vil nou an."

**Manm Konsèy Vil New York, Amanda Farias, te deklare,** "Retablisman ekonomik ekitab dwe pi gwo priyorite lidèchip vil nou an. Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te fè sa klè ak Plan New York te anonse jodi a. Inisyativ sa yo montre yon angajman fèm pou envestisman nan kominote nou yo, kwasans biznis ak sektè nou yo, transpò piblik, ak yon avni ki konsantre sou rekiperasyon Vil New York. Plan sa a rekonèt bezwen kominote Nwa ak Mawon nou yo, ki toujou ap rekiperere apre pandemi an, pandan y ap travay tou pou ranfòse distri komèsyal ki egziste deja yo nan Manhattan ak nan minisipalite deyò yo. Antanke prezidan Komite Developman Ekonomik lan, mwen pa ka tann pou mwen vin yon patnè aktif nan egzekisyon Plan New York la."

**Victor Calise, Direktris Kilti Mondyal, Ekite, ak Enklizyon, Sant Ekselans, Walmart, te deklare,** "Yon rekiperasyon ekitab dwe se yon rekiperasyon aksesib, e mwen kontan dèské m te travay avèk panelis kamarad mwen yo pou mete bezwen Nouyòkè ki andikape yo an premye. Mèsi Majistra Adams, Gouvènè Hochul, ak ekip *Nouvo New York* la paske nou te asire ke sikonskripsyon enpòtan sa a te enkli e ke plan aksyon ki pibliye a reprezante divèsite nou tout konnen ak renmen nan New York."

**Fred Cerullo, Prezidan ak PDG, Grand Central Partnership, te deklare,** "Mwen te onore dèské Majistra Adams ak Gouvènè Hochul te mande m pou m te sèvi nan yon gwoup lidè sivik ak lidè biznis ki laj ak divès nan panèl riban ble *Nouvo New York* la pou ede avanse yon ajanda vil-eta pou inisyativ transfòmatif alontèm pou re-anime ak re-utilize distri santral biznis nou yo pou yo vin tounen yon kominote vital epi ki an sekirite 24/24 ak 7 jou sou 7 kote Nouyòkè yo travay, vwayaje, ak viv. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè nou yo nan gouvènman an ak moun ki gen enterè nan katye nou yo sou anpil nan lide enteresan sa yo pandan n ap avanse nan nouvo ane a."

**Vishaan Chakrabarti, fondatè ak direktè kreyatif, Practice for Architecture and Urbanism, te deklare,** "Plan dakson sa a tabli gwo lide nou dwe aplike imedyatman

an repons a nouveau royalite nou an — si chak Nouyòkè preznan ak fiti pral pwospere, nou dwe amelyore kalite lavi nou pataje lè nou bati yon domèn publik vibran klas mondal; nou dwe fè distri komèsyal nou yo plis polivalan atravè konvèsyon estratejik biwo an batiman rezidansyèl; nou dwe amelyore tan ak eksperyans vwayajè nan redui itilizasyon veyikil prive; epi nou dwe ranfòse enfrastrikti sosyal nou an. Tan se sibstans lan—nou kapab e nou dwe fè sa kounye a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Otèl Vil New York (Hotel Association of New York City), Vijay Dandapani, te deklare**, "Antanke yon moun ki gen enterè ak defansè ki trè motive epi ki gen antouyas pou retounen Vil New York nan pozisyon prensipal li pami vil klas mondal yo, Asosyasyon Otèl Vil New York kontan anpil pou wè deplwaman inisyativ panèl Nouvo New York majistra yo. Nou gen konfyans ke inisyativ sa yo pral non sèlman fè New York tounen nan premye plan, men tou yo pral mennen nou nan yon lòt nivo."

**Ofisyen Revni Anchèf, Nabr, ak Chèchè Envite, nan Cornell Tech Urban Tech Hub, Cara Eckholm, te deklare**, "Aplike rekòmandasyon panèl la pral ede New York kenbe idantite li kòm yon avangad ibanis dirab. Antanke yon Nouyòkè katryèm jenerasyon ki pèdi yon manm fanmi akòz COVID, mwen tèlman fyè pou m wè vil la ak eta ap sòti anba pandemi an kòm yon fwon ini. Inisyativ ki soti nan yon rezo siklab amelyore rive nan yon pwogram pilòt elajи pou teknoloji iben pral pote dinamisite nan vil la."

**Vis Prezidan Egzekitif, Shubert Organization (Organizasyon Shubert), ak Prezidan Konsèy Administrasyon, NYC & Company, Charles Flateman, te deklare**, "Piblikasyon rekòmandasyon Nouvo New York jodi a montre yon detèminasyon klè pou asire rekiperasyon Vil New York. Nou aplodi Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak travay panèl la nan idantife yon estrateji konplè pou kreye resous ki sipòte kwasans ekonomik alontèm pou sektè touris ak Ospitalite yo ak kontribisyon yo nan konpetitivite vil la."

**Wallace Ford II, Pwofesè Asosye, Medgar Evers College nan City University of New York (CUNY), te deklare**, "Se te yon plezi ak yon onè pou yo te mande m patisipe nan panèl Nouvo New York la, ki te etabli yon plan anbisye epi ki reyalizab yon fason eminan ki pral lakòz yon nouvo Vil New York ki amelyore. Konsantrasyon sou abòde inegalite rasyal ak etnik enstitisyonèl ak omniprezan istorik — inisyativ K-BA ki lye Invèsite City University of New York ak Konsèy Edikasyon Vil Nouyòk la pral ofri yon chemen ki mennen nan direksyon invèsite pou chak timoun Vil New York ki nan lekòl publik kòmanse nan klas matènèl. Inisyativ K-BA a se sa vrè chanjman sanble!"

**Dr. Marsha Gordon, prezidan ak PDG, Business Council of Westchester (Konsèy Biznis nan Westchester), te deklare**, "Rekòmandasyon panèl la non sèlman se aksyon ki nesesè nan Vil New York, men tou reflete rejyon an nan yon san ki pi laj, ki gen ladan Mid-Hudson Valley, ki se yon pati entegral nan sistèm ekonomik la. Nan travay ansanm, avèk objektif sa yo kòm yon gid, nou ka reyalize yon nouvo vizyon pou lavni New York."

**Sharon Greenberger, Prezidan ak PDG, YMCA of Greater New York, te deklare,** "Ankouraje kwasans ekitab enpòtan pou asire tout kominote Vil New York yo ka fleri ak pwospere. Plan aksyon *Nouvo* New York la pwopoze estrateji ak taktik espesifik pou asire Nouyòkè yo gen opòtinite pou yo patisipe totalman nan mendèv demen an, pou kreye kominote ki pi solid pou nou tout. Nan non Y a ak tout Nouyòkè n ap sèvi yo, mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak panelis kamarad mwen yo pou lidèchip yo nan devlope plan aksyon konplè sa a."

**Wayne Ho, prezidan ak PDG, Chinese-American Planning Council (Konèy Planifikasyon Ameriken Dorijin Chinwa), te deklare,** "Nou kontan dèské nou te fè pati panèl *Nouvo* New York la epi felisite plan aksyon konjwen ki te devlope a. Katye Ameriken Dorijin Azyatik Vil Nouyòk yo te gen yon enpak negatif de mwa anvan eta a te fèmen nan mwa mas 2020 akòz COVID, kidonk rekiperasyon ekonomik vil nou an ta dwe enklizif ak ekitab. Nou sipòte konsantrasyon plan aksyon an sou ogmantasyon gadri, amelyore transpò, ogmante lojman, ak opòtinite travay elaji pou kominote koulè, fanm, ak moun ki andikape yo."

**Angie Kamath, rektè, School of Professional Studies nan New York University (NYU), te deklare,** "Rekòmandasyon panèl *Nouvo* New York yo solidak pragmatik nan ede distri komèsyal yo atravè vil la, nan yon fason ki konsantre sou rekiperasyon enklizif. Bon travay, bon avantaj, fleksibilite, ak mobilite ekonomik ki enpòtan anpil pou Vil New York, kominote yo ak fanmi yo. Panèl *Nouvo* New York la te travay pou bay priyorite ak travay akoutèm ak enstitisyon ankraj vil New York pou kreye opòtinite pou ane k ap vini yo."

**Rick Maroko, Prezidan, Hotel and Gaming Trades Council (Konsèy Metye Otelri ak Jwèt Aza), AFL-CIO, te deklare,** "Mwen ta renmen remèsyé Majistra Adams ak Gouvènè Hochul paske yo te konvoke Panèl *Nouvo* New York la, ansanm ak panelis kamarad nou yo pou gwo kontribisyon yo pandan mwa ki sot pase yo. Yon rekiperasyon ekitab pou vil sa a enpòtan anpil pou avni travayè otelri Vil New York yo, ki te fè fas ak kèk nan defi ki pi difisil nan ane ki sot pase yo. Kidonk, anpil nan lide yo pwodwi nan panèl sa a pral san dout ede fè manm nou yo tounen nan travay, epi mwen pa ka tann pou m wè lide sa yo tounen aksyon."

**Melva M. Miller, PDG Asosiyasyon pou yon Pi Bon New York (Association for a Better New York, ABNY), te deklare,** "Plan aksyon konjwen an ofri yon gwo opòtinite pou rasanble moun ki gen enterè piblik, prive ak òganizasyon san bi likratif pou kreye yon New York ki pi bon e ki pi ekitab. Kle nan plan an se pral amelyore kapasite pou viv nan distri biznis santral nou yo nan tout senk minisipalite yo, kidonk sa ki pral kreye opòtinite enklizif pou kwasans pandan n ap sòti anba pandemi COVID-19 la. ABNY pa ka tann pou l kontinye travay avèk gouvènè a, majistra, ak tout moun ki gen enterè yo pou aplike plan an."

**Charles Phillips, Direktè Jeneral ak Ko-Fondatè, Recognize, te deklare,** "Panèl *Nouvo* New York la te fè yon kout je nèf ki apwofondi sou zòn enpòtan yo pou fè New York avanse ekonomikman. Rezulta yon panèl divès e ki gen anpil eksperyans se te

rekòmandasyon espesifik ak byen reflechi, epi vil la ak eta te gen sajès pou yo anbrase yo kòm yon plan pou yon ajanda konjwen pou vanse pou pi devan."

**Dr. Jocelynne Rainey, Prezidan ak PDG, Brooklyn Community Foundation, te deklare**, "Se te yon onè pou m reprezante Brooklyn epi travay ansanm ak lidè eta ak vil yo pou asire ke plan retou New York la fè avanse vizyon pataje nou an pou yon avni ki pi ekitab ak pi jis. Lefètke yo te andire anpak pandemi COVID-19 la, kominate koulè nan minisipalite eksteryè yo dwe nan kè travay nou pou asire yo resevwa opòtinite ekonomik ak envestisman yo merite anpil la."

**Direktè Egzekitif, Queens Theatre, ak Prezidan, Gwoup Enstitisyon Kiltirèl la, Taryn Sacramone, te deklare**, "Plan an rekonèt jan enstitisyon kiltirèl Vil New York yo esansyèl pou sante ak kwasans vil la. Inisyativ espesifik nan plan an pral ogmante kapasite sektè kiltirèl la pou atire ak sèvi Nouyòkè ak vizitè yo. Atis ak travayè kiltirèl yo pral benefisyè rekòmandasyon yo nan plan an — soti nan transpò ki pi aksesib rive nan opsyon gadri abòdab — epi yo pral jwe yon wòl kle tou nan reyalizasyon yon domèn piblik ki pi bèl e ki pi vibran. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Majistra Adams paske yo te envite m pou m sèvi nan yon panèl ki ap gade pou pi devan epi ki baze sou valè ansanm ak yon gwoup lidè enkwayab ki angaje yo."

**Janette Sadik-Khan, Direktris Transpò, Bloomberg Associates, te deklare** "Avni ekonomik New York depann de katye ki enklizif, divès kote moun vle rete epi pa sèlman travay. New York te toujou defini pa rezistans li ak gwo rekiperasyon apre advèsite, epi lè li konsantre sou lye li yo ak moun li yo, plan sa a pral ede vil la ekri pwochen chapit li yo."

**Julie Samuels, Fondatè, Tech:NYC; ak patnè, Hangar, te deklate**, "Anplwayè teknoloji yo pral ale kote moun yo vle anboche yo ye, e anpil nan talan sa a yo isit la nan New York. Nou ankouraje paske panèl *Nouvo New York* la, apiye pa majistra a ak gouvènè a, angaje egalman pou kreye yon vil dinamik ki vivab, kote moun vle rete. Siksè nan sans sa a pral inevitableman pote siksè nan ekosistèm teknoloji lokal nou an ak pou tout Nouyòkè yo, epi mwen kontan pou m vin yon patnè nan travay sa a pou lavni."

**Jessica Walker, Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Chanm Komès Manhattan lan, te deklare**, "New York pa ka dòmi sou lorye li lè konpetisyon pou travayè elwaye yo tèlman wo. Erezman, Majistra Adams ak Gouvènè Hochul konprann sa. Yo te gen pwovizyon pou rasanble pi bon lespri yo pou ede vil nou an re-envante tèt li, menm jan li te fè plizyè fwa pandan tout gwo istwa li a. Kounye a, nou tout dwe mete tèt ansanm pou aplike chanjman ki nesesè yo."

**Carl Weisbrod, Konseye Siperyè, HR&A, te deklare**, "Mwen bat bravo pou koperasyon sere san parèy ant Gouvènè Hochul ak Majistra Adams, ak estaf yo, nan pwodwi ajanda eksepsyonèl pou aksyon sa a. Angajman yo ap bay bon rezulta pou avni kontinyèl New York kòm vil prensipal nan mond lan."

**James Whelan, Prezidan, Konsèy Imobiliye nan New York (Real Estate Board of New York, REBNY), te deklare**, "Panèl Nouvo New York la te rasanble pati konsène sektè publik ak prive yo pou kolabore sou politik ki pral redinamize distri biznis santral nou yo, ki pral pwodui lojman ki nesesè anpil, epi sipòte kwasans travay ki gen enpak sou tout Nouyòkè yo. REBNY kontan dèské li te patisipe nan pwoesis sa a e li kontan pou l sipòte egzekisyon plan aksyon anbisye yo te anonse jodi a. Mèsi Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou lidèchip yo sou yon pwoblèm enpòtan konsa pou avni ekonomik Vil New York."

**Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association), te deklare**, "Pwopozisyon solid ak vast panèl Nouvo New York la pral mennen vil la ak rejyon an sou yon chemen pou yon rekiperasyon ekitab ak dirab apre COVID. Rekòmandasyon sa yo — ki kouvri sijè divès menm jan ak konvèsyon komèsyal yo, espas publik yo, opòtinite lojman yo, ak mobilite amelyore — bay yon plan estratejik pou pwogrè alontèm epi demontre koperasyon solid ant vil la, eta, sektè prive ak sektè sivik la. Nou angaje pwofondman pou ede atenn objektif louvable sa yo epi remèsyé Gouvènè Hochul, Majistra Adams, Rich Buery, ak Dan Doctoroff pou lidèchip yo nan abòde pwoblèm fondamantal sa yo."

**Kathryn Wylde, Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral, Patenrya pou Vil New York (Partnership for New York City), te deklare**, "Plan sa a fè avanse efò koperasyon Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou anbrase yon vizyon pataje pou avni vil nou an apre pandemi an). Li gen ladann atik aksyon yon gwo kowalisyon Nouyòkè ki te patisipe nan panèl Nouvo New York la prepare pou ede reyalize".

**Lourdes Zapata, Prezidan ak PDG, Kòporasyon Developman Ekonomik Global South Bronx (South Bronx Overall Economic Development Corporation), te deklare**, "Nou dwe felisite Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou patenarya san parèy yo nan konvoke gwoup lidè enkwayab sa a — ak pou travay ki fèt pou BAY avni vil nou an ak rejyon nou an yon lòt vizaj. Anfaz sou rekiperasyon ekitab ak rezolisyón pwo-aktif ak pwogresis pwoblèm yo pral asire ke bi ak objektif plan sa a, vizyonè ak anbisye, pral touche chak kwen nan vil nou an. Se responsabilite nou pou nou tout asire ke yo mete plan ekspansif sa a an aksyon pou asire siksè kontinyèl ti biznis nou yo, gwo sipò pou tout manm nan kominote nou an, patikilyèman BIPOC la ak otreman gwoup ki pa jwi dwa sivik yo, epi jenerasyon k ap vini yo diy pou yo gen yon vil reimagine ak sa yo merite."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418